



Chif Konsènan Abi Seksyèl sou Timou-n

- Ané denyé te gen 41,246 ka abi seksyèl sou Timou-n yo di ki te rive nan Florida. Pami yo te gen 1730 nan kawonti Miami Dade.
- Sou chak 7 timoun 1 jwenn avans seksyèl sou entènèt
- A travè peyi-a yon-n sou chak 4 ti fi e yon-n sou chak 6 ti gason sibi yon fòm kèlkonk abi seksyèl avan yo gen 18 tan.
- 76 pou san kliyan Kristi House yo se fi yo ye.
- Timou-n ki gen pi piti pase 12 zan fòme anviwon mwatye de tout ka abi seksyèl.
- Gen plis viktim ant laj 3 zan e 17 tan ke nan tout lòt gwoup laj granmou-n.
- 73 pou san Timou-n ki viktim abi seksyèl se ti fi e 27 pou san Timou-n ki viktim abi seksyèl se ti gason.
- Majorite ka abi seksyèl sou Timou-n fèt lakay, nan aprè midi.
- 40 pou san mou-n ki fè abi seksyèl sou Timou-n ki gen pi piti pase 6 zan se jè-n mou-n.
- 40 pou san mou-n yo sispèk ki fè abi seksyèl sou Timou-n te fè eksperyans yo men-m tou de vyolans lakay yo.

Abi seksyèl sou Timou-n se yon pwoblèm kominotè. Nou bezwen travay ansan-m pou nou jwen-n fason pou nou pwoteje epi trete Timou-n nou yo. Se ekzakteman sa Kristi House ap fè. Nou la pou ede Timou-n.

Nou Bezwen Èd ou

Se don mou-n ak gwoup kominotè yo fè ki va asire ke Kristi House ansan-m ak Sant Orlowitz-Lee kap Defan-n Timou-n nan va kontinye ap bay sèvis ak pwogram de kalite pou Timou-n nan kawonti Miami Dade.

Tout kado yon mou-n bay Kristi House pèmèt ke ou wetire valè ou te bay la lè wap peye taks. Ou kapab peye kontribisyon ou sou yon peryòd de plizyè ane pou ke ou ka tire maksimòm benefis finansye.

Yon mou-n ka bay yon kado ki pèmèt yon bagay pote non li yon fason pou listwa ka ran-n temwanyaj sa mou-n sa-a te fè. Gen yon pakèt opòtinite ki disponib nan sans sa-a. Silvouplè rele Kristi House pou plis enfòmasyon.

Lòt fason pou Ede

An plis de kontribisyon finansye, Sant la ka itilize kado tankou: Magazi-n pou Timou-n, jwèt, liv, bagay ki fèt an papye, founiti pou biwo ak bagay pou netwaye.

Devni yon volontè se yon lòt fason ou ka patisipe

Kristi House envite ou pou ou vi-n mete-w ansan-m avèk yon ekip volontè ki devwe e kap gwosi ki bay tan yo ak talan yo pou ede Timou-n ki nan bezwen. Silvouplè kontakte nou nan 305-547-6800 pou plis detay.



Kristi House, Inc.

Orlowitz-Lee Children's Advocacy Center
1265 NW 12th Avenue
Miami, Florida 33136
(305) 547-6800
www.kristihouse.org


OFIS KRISTI HOUSE YO:

SUD	NORD	Project GOLD
15321 S. Dixie Hwy. Miami, FL 33157 (305) 259-0016	18441 NW 2nd Ave. Miami, FL 33169 (305) 249-0521	Miami-Dade CVAC, 2400 S. Dixie Hwy. Miami, FL 33133 (305) 285-5900



ABI SEKSYÈL SOU TIMOU-N

Sa Fèt. Li Fèt Mal.



Gen Èd.



Trajedi Abi Seksyèl sou Timou-n

Gen plis pase 41 mil rapò ki fèt konsènan abi seksyèl sou Timou-n nan Florida chak ane. Nan Kawonti Miami-Dade la sèlman gen prèske 2 mil. Malgre sa chif sa yo pa eksplike tout sa kap pase-a. Gen yon kantite lòt timou-n ki sibi abi seksyèl men ki kenbe sa an sekre, pandan tout la vi yo pafwa. Kòman nou kapab aten-n Timou-n sa yo? Ki lès yo ye? Ki sa nou dwe fè si nou sispèk ke yon Timou-n ap sibi abi seksyèl? Ki bò-m dwe ale si Timou-n mwen te sibi yon abi seksyèl?

Kristi House la pou repon-n tout kesyon sa yo.

Kristi House Sèvi Timou-n

Kristi House se yon òganizasyon ki pa la pou fè lajan men ki la pito pou bay sèvis pou Timou-n ak fanmi yo, ki viktim de abi seksyèl. Kristi House ki te fonde an 1996, pote non yon ti fi 9 van ki te sibi abi seksyèl anba men yon menaj manman li e ki te rive ansent, ki donc li te fè yon pitit a laj de 10 zan. Sa ki tris la, sè ke ka sa-a pa pou kont li. Anpil nan kliyan Kristi House yo twouve yo nan dè sitiyasyon parèy, men erezman Timou-n sa yo gen kon-nye-a yon kote yo ka al chache èd.



An 1997 Ellis K. Orlowitz ak Enid Lee te fè yon don 1 milyon dola, e avèk 2 milyon dola ki te ranmase nan sektè prive-a ki te ajoute sou 1 milyon dola-a, Sant Kristi House pou defan-n Timou-n ki pote non Orlowitz-Lee-a te bati. Enstitisyon sa-a ki baze sou Timou-n nan te ouvri

pòt li an 1999 e ladan-n tou mou-n ka jwen-n biwo ki okipe de ranfòsman la lwa, pwoteksyon Timou-n, kesyon medikal, legal ak sante mantal, tou sa an-ndan menm bildig la.

A travè sant pou defan-n Timou-n nan, Kristi House sèvi Timou-n ki sibi abi seksyèl, gras a sèvis kominotè ke li bay, yon sant tretman e yon koneksyon avèk la polis ke li fè. Yo mete ansan-m tout sèvis ke yon viktim ak fanmi li ap gen bezwen pou yo kòmanse pwosesis gerizon-an.

Ki sa Abi Seksyèl sou Timou-n ye?

Abi seksyèl sou Timou-n defini kòm nenpòt oubyen tout kontak seksyèl ant yon granmou-n ak yon Timou-n. Sa enkli zak fizik tankou: karese, touche move kote, kadejak ou byen eseye fè kadejak, ou byen sèvi ak Timou-n pou fè pònografi. Zak abi seksyèl gen dwa fèt san li pa fizik, tankou, ekspozè pati prive yon mou-n, gwo pawòl seksyèl rèk ki ka choke Timou-n, ou byen pèmèt yon Timou-n wè ou byen tande zak ou byen materyèl seksyèl.

Kontak seksyèl ant de jèn Timou-n kapab konsidere kòm abi tou si gen yon gran diferans ant laj yo, nan jan yo devlope ou byen nan gwosè yo. Abi seksyèl enkli yon zak sekyèl avèk yon Timou-n kote ke pa gen ou byen pa ka gen konsantman. Daprè la law florida, mou-n kap bay swen sante, pwofesè ak lòt mou-n ki travay nan lekòl, la polis, travayè sosyal ak mou-n ki travay nan gadri dwe kontakte otorite yo lè yo sispèk ke gen abi seksyèl. Sepandan, fè rapò pa limite sèlman a jan de mou-n sa yo. Nenpòt mou-n ki kon-nen ou byen ki sispèk abi sou Timou-n ta dwe kontakte Depatman Timou-n ak Fanmi nan Florida-a nan 1-800-96-ABUSE ou byen 1-800-962-2873 ou byen nimewo lokal la polis.

Geri Doulè-a Sèvis ke Kristi House Ofri:

Jesyon Kes

Kowòdonatè kes Kristi House yo travay dirèkteman avèk fanmi pou ba yo aksè a terapi, epi konekte yo avèk ajans ki bay sipò. Nou travay nan kolaborasyon avèk Biwo



Avoka Leta-a, la polis, ak Depatman Timou-n ak Fanmi-a pou ede fanmi yo soti anba chòk abi seksyèl.

Terapi ak Sèvis Referans

Yo bay sèvis terapi pou yon mou-n, pou gwoup ou byen pou fanmi nan Sant la, nan branch yo ki nan Homestaed, e ki disponib pou lekòl.

Konsiltasyon Medikal

Yon konsiltasyon medikal pou abi seksyèl kapab chokan anpil pou yon Timou-n. A koz de sa, nou prepare epi meble yon sal konsiltasyon espesyal konplè ki byen gani ak tout aparèy medikal ki bon pou bezwen espesyal yon Timou-n. Pedyat ki nan ekip Pwoteksyon Timou-n Inivèsite Miami-a ofri tou konsiltasyon medikal sot nan tèt vi-n nan zòtèy pou viktim yo.

Transpòtasyon

Kristi House bay transpòtasyon a fanmi, sa ki elimine baryè pou mou-n fè tretman. Ti bis Kristi House la disponib pou transpòte viktim ak fanmi yo soti lakay yo pou al nan divès ran-devou yo genyen.



Swiv yon kes

Kristi House ranmase enfòmasyon epi sere yo atravè yon gwo depo enfòmasyon ki bay yon pwofil ekzat de Timou-n ki viktim abi seksyèl nan kawonti Miami-Dade.

Rechèch

Kristi House kondi etid nan domèn-risk ak faktè pwoteksyon, devlopman sentom sikolojik, ak kous e rezilta tout kalite entèvensyon tretman.

Edikasyon ak Antre-n-man

Pwogram Edikasyon ak Touche Mou-n Kristi House la jwe yon wol lidè nan kominote-a. Nou fè prezantasyon o sijè de abi seksyèl ak prevansyon nan lekòl, devan gwoup paran ak lòt pwofesyonèl.

Sèvis Biwo Avoka Leta-a Bay:

Inite Timou-n ak Bezwen Espesyal Biwo Avoka Leta-a loje nan Sant Orlowitz-Lee pou Defan-n Timou-n nan epi li bay entèvyou forensik ki sou videyo tep ke biwo Avoka Leta-a itilize pou pouswiv mou-n ki fè abi seksyèl sou Timou-n. Entèvyou sa yo limite kantite fwa yon Timou-n dwe rakonte istwa abi li te sibi-a pou ke li pa kontinye ap reviv sa ki te pase-a.

Lòt ajans mou-n ka vizite yo enkli:

- University of Miami Child Protection Team
- Florida Department of Children and Families
- Guardian Ad Litem Program
- Jackson Hospital Roxcy Bolton Rape Treatment Center
- Ajans polis lokal yo